

Prevansyon Kont Apwazònman ak Plon



PWOGRAM PREVANSYON KONT ANPWAZÒNMAN AK PLON
CT DPH (DEPATMAN SANTE PIBLIK ETA CONNECTICUT)

FICH ENFÒMASYON

Ki kote nou jwenn plon?

- **Nan penti:** Nou ka jwenn plon nan penti ki fabrike anvan 1978. Ou ka jwenn penti sa a sou nenpòt sifas ki pentire lakay ou, tankou pòt, fenèt, ak galri.
- **Pousyè:** Pousyè plon nan kay la soti nan sifas ki te gen penti ki gen plon ki dekole ak dekale. Dekole ak grate ansyen penti pandan reparasyon oswa renovasyon ka lakòz tou yon pwoblèm pousyè plon.
- **Tè:** Ansyen penti ki tonbe sou tè a deyò lakay ou ka kite plon nan tè a.
- Ou ka jwenn plon tou nan vesèl an seramik, kristal, bwat konsèrv ki soti aletranje, tiyo dlo, soudi ak ekipman, ak nan kèk pwodui kosmetik etnik ak pwodui netwayaj pou kay.
- Gen kèk travay ak pastan ki ka ekspoze timoun ak granmoun yo ak plon. Nou ka pran kòm egzanp pent, renovatè, plonbye, mekanisyen, moun k ap travay nan monte pon, bijoutye, moun k ap fè seramik, potri oswa vit, oswa menm moun ki ale nan chan y ap aprann tire.

Èske Pitit Ou a Riske Anpwazònman ak Plon?

Si w reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou ka vle fè tès pou pitit ou a, menm si li gran timoun.

- Èske pitit ou a ap viv oswa abite nan yon bilding ki te bati anvan 1960?
- Èske pitit ou a ap viv oswa vizite souvan yon bilding ki te bati anvan 1978 k ap repare oswa renove?
- Èske pitit ou a abite oswa vizite souvan yon bilding ki gen penti ki dekale?
- Èske pitit ou a ap viv avèk yon adilt oswa souvan vizite yon adilt kote travay oswa pastan li ekspoze li avèk plon?
- Èske fanmi ou manje oswa bwè nan veso ki fèt andeyò Etazini?
- Èske fanmi ou itilize remèd ki fèt lakay ou?

Kijan yon timoun ka anpwazònnen ak plon?

- Anjeneral anpwazònman ak plon rive lè timoun yo vale (manje) pousyè ki gen plon. Timoun yo ka manje tou ti kal penti ki gen plon oswa tè ki gen plon.

Ki Efè Plon Sou Kò a?

- Pa gen okenn kantite plon nan kò a ki san danje. Domaj plon ka lakòz yo pa ka repare! Plon ka domaje sèvo a. Li ka lakòz pwoblèm kwasans, pa ka tande ak difikilte pou aprann.
- Anpil timoun pa montre siy anpwazònman ak plon. Gen kèk siy anpwazònman ak plon ki menm jan ak lòt maladi timoun, tankou refwadisman oswa fè dan.

Ki Efè Plon Sou Kò a? (suit)

- Si yon fanm ansent antre an kontak ak plon, li menm ak pitit ki nan vant li a riske anpwazonnen. Plon ka koze domaj dirab lakay manman ak ti bebe li a.

Kijan Ou Ka Diminye Risk yo?

Ranplase, repare oswa jere tout risk ki lye avèk plon san danje.

Mezi ou ka pran pou anpeche timoun yo anpwazonman ak plon:

- Kenbe timoun ak fanm ansent aleka tout danje ki lye avèk plon.
- Netwaye pousyè plon ak kal penti nan siye rebò fenèt yo ak vantilasyon nan pase yon mòp mouye sou planche yo. PA pase bale asèk oswa aspiratè paske sa pral gaye pousyè plon yo.
- Bloke zòn kote penti a dekale oswa tonbe. Pa itilize fenèt ki gen penti k ap dekale.
- Deplase chanm pitit ou a oswa espas jwèt li nan yon chanm kote penti a pa dekale.
- Mete tapi ki ka lave andedan ak deyò pòt devan yo.
- Mande moun yo retire bagay pye yo anvan yo antre nan kay la.
- Pa kite pitit ou a (oswa bèt kay) jwe nan pousyè tè a.
- Lave epi siye men, jwèt ak sousèt pitit ou a souvan. Lave epi seche men pitit ou anvan li jwe, manje epi ale nan kabann.
- Itilize dlo frèt nan tiyo a pou bwè, kwit manje ak prepare fòmila. Kite dlo a koule pandan 1-2 minit anvan w itilize li.
- Bay pitit ou manje ak ti goute ki sen. Yon vant vid absòbe plon pi vit pase yon vant ki plen.

Mezi granmoun yo ka pran pou evite anpwazonnen tèt yo ak pitit akòz travay oswa pastan:

- Pa manje, bwè oswa fimen nan espas travay oswa lwazi.
- Lave men ou ak figi w anvan ou manje, fimen oswa bwè.
- Mete rad pwoteksyon (tankou gan jetab, chapo ak pwoteksyon pou bagay pye) lè w ap travay avèk plon. Itilize yon respiratè Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (NIOSH) apwouve.
- Pran yon douch, lave cheve w, epi mete rad ak soulye pwòp anvan ou kite zòn travay la, paske pousyè ki rete sou rad ou ka kontamine lakay ou ak machin ou.
- Mete rad travay ou ak soulye nan sache plastik ki byen fèmen.
- Lave rad travay ou apa, pa melanje yo avèk lesiv rad w ap fè pou fanmi an.

Èske pitit ou ta dwe fè tès pou anpwazonman ak plon?

- Wi, tout timoun yo dwe fè tès pou anpwazonman ak plon apati laj en an ak de an ... se sa lalwa egzije!
- Tès sangen an pral montre konbyen plon ki genyen nan san pitit ou a nan moman tès la. Si nivo a wo, pitit ou a ap bezwen fè plis tès.
- Si pitit ou a prezante risk nan lòt laj, fè yo teste nan moman sa yo tou.

Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonman ak Plon nan Connecticut

(860) 509-7299

www.ct.gov/dph/lead

